АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ!

# ЦОЛЪИ

№41 (10035)

РУЗМАН

7 октябрь 2022 сон

11 РАБИУЛЬ-АВВАЛЬ 1444 СОН

Шамил районалъул газета

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

Единство | Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухаль | Багьа эркенаб

■ МОБИЛИЗАЦИЯ

## Улкаялъе хIинкъи бачIиндал, рахчарун чIей - намусаб иш!

**21 сентябралъ Россиялъул Президент В.В.Путиница лъазабуна рагъулаб хIадурлъиялде рачунел рукIин запасалда рукIарал къуватал. ГIемераб багьа-башари гьабуна гьеб хабаралъ тIолго улкаялда. ВатIаналде кIудияб рокьиги загьир гьабун тIоцересел къоязго унезулги, кинабго магIишатги рехун тун пачалихъалъул гIурхъаби рахун тIурулезулги харбаз цIуна жамгIиял гьинал.**



80 соналъ мобилизация щиб жо кколебали лъаларого гIурал гIелазе, гьеб бичIчIи захIматаб ишлъун ккана. ТIатана чанги жавабиял хъулухъазда ругезул тасамахIлъиги, гъалатIалги. Амма киналго суалазе асливе жаваб буго Россиялъул армиялда хъулухъги гьабун, рагъулаб билет кодоб бугел, сахлъиги бугел гIолилал гурони ритIулел гьечIеблъи.

Нилъер районалдаги унеб буго мобилизациялъул масъалаби тIураялда хурхун хIалтIи. Амма цогидал районазда кинигин нилъ гIемер цере гьечIо гьеб суалалъе. 12 чи витIун вуго районалдаса 5 октябралде военкоматалъ кьурал баянazда рекъон.

Щибаб къойил гьабураб хIалтIул баяналгун жавабиял идарабазул вакилзаби данделъула районалъул бетIерасул кабинеталда. Хадубккунисеб хIалтIиялъе асливал масъалаби дандрала. Гьединго, тIоритIана чанго данделаби мобилизациялда хурхун гIадамазул раккулел ругел суалазе жавабал кьезелъун. Инеб буго информационнияб, бичIчIи кьеялъулаб хIалтIиги. Кин бугониги РАГЪ абураб рагIуца инсанасулъ кIудияб хIинкъи бижизабулеб буго. ТIоцересел гIолилал нуха регIулаго, районалъул бетIер МухIамад ХIасановас абуна: «Кир ругониги Аллагьасул кверщаликь руго нилъ. Чан гIолилал холел ругел нухазда машиназул аварияби ккун. Къадар щвараб мехалъ нилъеда гьабизе кIолеб щибго гьечIо. Гьелъ, Аллагьасде аманатгун къватIире рахъине ккола ВатIаналде жакъасеб къоялъ хIинкъи бачIун бугелъул». Унголъунги гьел рагIабазул магIнаялда гъваридго ургъарас, инкар гьабиларо жидеда тIадаб борч тIубаялъе.

Мобилизация байбихьаралдаса ккана нилъер районалдаса жидеего бокьун аралги, рагъулал аскаразе кумек гьабулелги. Гьединазул мисаллъун вуго райсобраниялъул депутат ГъазимухIамад ХIажиев. Гьес МахIачхъалаялда бугеб «Астрамед» централъул рахъалдаса Украиналъул беженцазе ва рагъулал аскаразе дарабаздалъун ва хIажатаб къайи-цIаялдалъун цIураб машина ана битIун. Гьелъухъ гьесие баркала загьир гьабуна тахшагьаралъул бетIер С.Дадаевас ва районалъул бетIер М.ХIасановас.

6 октябралда тIобитIараб сессиялда Гъ. ХIажиевас загьир гьабуна районалъул рагъухъабазе кумекалъулаб фонд рагьизе ва гьелъие байбихьи лъун кьуна 220 азарго гъурущ. 10 азарго гъурущ мобилизациялда гьорлъе ккаразул щибаб хъизаназе кьезе, хутIараб рагъулаб операциялда ругезе хIажатабщинаб битIизе бихьизабуна. Фондалъул жавабчилъи тIад къана «Цолъи»ялъул редактор ПатIимат МухIамадовалда. Гьеб фондалъул хIалтIул мухIканлъи ва кумек гьабизе бокьаразе реквизитал нижеца кьела хадусеб номералда.

Цебе гIицIго ВатIан цIуниялъул ахIиялда гьоркь къватIир рахъунел рукIаразул наслабазул ирсилал, жакъа улкаялъе хIинкъи бугеб къо бачIиндал рахчарун чIей буго намусаб иш!

**ТI. МУХIАМАДОВ**

■ НИЛЪЕР БАХIАРЗАЛ

## Районалъул къадруял васал

**Ахираб заманалъ фронталдаса рачIунел кьогIал харбазда гьоркьоб, нилъехъе щвана цойги районалъул бахIарчияв васасул лъикIаб хабар.**

Бакълъухъ росулъа МухIамадшапиев ГIумарасхIаб МухIамадович рагъда бихьизабураб къвакIиялъухъ ва



бажариялъухъ «За боевые отличия» абураб медалалъе мустахIикълъана.

Жидерго цIар борхат кьурал районцоял, ритIухълъиялъе ва ВатIаналъе гIоло къеркьолел солдатал, нужер къвакIиги, къохIехьейги тIатунеб буго къо ккараб мехалъ.

**П. ЖАМАЛУДИНОВА**




***НИЖЕР БАЯН:***

*ГIумарасхIаб МухIамадшапиев гьавуна 1987 соналъ Бакълъухъ росулъ. Бакълъухъ гьоркьохъеб школаги лъугIизабун, цIализе ана Подмосковьялда бугеб прапорщиказул школалде.*

*2006 соналъул 15 маялдаса вуго рагъулал аскариязул кьерда. Чанго соназ рагъулаб хъулухъ тIубана Санкт-Петербургалда, Сахалиналда, Хабаровский краялда, Амурскиялъул областалда, Подмосковьялда ва ахиралда Ростовалъул областалда.*

*Жакъа къоялъ ккола халкъазда гьоркьосеб Москваялъул университеталъул юридическияб факультеталъул 4-леб курсалъул студентлъун.*

■ БАРКИЯЛ

### Херазул къо

ХIурматиял районалъул цIикIкIараб гIел, рагъул ва хIалтIул ветеранал! РакI-ракIалъ баркула нужеда тIолго дунялалда 1-себ октябралъ кIодо гьабулеб херазул къо-гIакъиллъиялъул ва лъикIлъиялъул къо!

ЦIикIкIаразда жидецаго рарал санал ракIалде щвезабулеб къо гуро гьаб, гьаб буго цоги нухалъ баркалаялъул хинал рагIаби нужеда абизе рес –эбел-инсуда, ветеранazда, пенсионеразда ва район цебетIеялъе хIалтIулел ругел кинабго цIикIкIараб гIелалда.

Нужеда нахъа буго бечедаб хIалбихьиялъул халатаб гIумру. Заманалъулги гIелазулги бухьенлъун руго нуж. Нужер лъайги, гIумрудул хIалбихьиги жакъасеб къоялъги, хадубккунги – кидаго нижее хIажатаб буго.

Нуж ккола наслуялъул мугъчIвайлъун, моралиял ва гIадатазул бечелъаби цIунулеллъун. Хасаб адабгихIурматги баркалаги буго нужее районалъул жамгIиял ишазда гьабулеб жигараб гIахьалчилъиялъухъги.

Баракатаб, сахаб ва халатаб гIумру нужее, районалъул хIурматияб цIикIкIараб гIел!

### МугIалимзабазул байрам




Хириял районалъул мугIалимзаби, педагогикияб хIалтIул ветеранал! Къабул гьабе дир барки халкъазда гьоркьосеб профессионалияб байрамгун – мугIалимасул къогун!

ЖамгIияталда гьоркьоб бищун кIвар бугеблъун буго нужер профессия. Нуж руго лъикIалщинал хасиятал лъимадулъ куцалел, лъай кьолел, гIумрудул нух бихьизабулел.

МугIалимлъи – пиша гуро, гьеб рекIел ахIи буго. Жидецаго тарбия кьуразул церетIеял ва тIокIал хIасилал рихьиялдаса кIудияб талихIги гьечIо мугIалимасе.

Биччанте нужер къайимлъиялда ругез нуж кидаго рохизаризе, чIухIизаризе! Нужер-мугIалимзабазул къиматал рагIабаздалъун берцинлъи ва лъикIлъи щваги лъимадул рекIелъе.

ХIурматиял лъайкьеялъул хIалтIухъаби, баркигун цадахъ, гьарула нужее гьунар бугел, баркала бугел цIалдохъаби, бичIчIи бугел умумул. Сабурги, сахлъиги, хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъабиги гьарула щивасе.

**Районалъул бетIер МухIамад ХIАСАНОВ**

**ХIурматиял районалъул мугIалимзаби!**

Баркула ракI-ракIалъ нужер профессионалияб праздник- мугIалимасул къо!

Гьаб байрам гIахьалаб буго киназего. Учителас гIумруялда жаниб кьучI лъечIев щивниги чи гьечIо. Обществоялда жаниб учителасул бугеб кIвар цIикIкIараб хIалтIиялъе кIудияб къимат кьола ва кьезе нуж мустахIикъалги руго.

ГIун бачIунеб гIелалъе нужеца кьола лъай, тарбия, гьабула гIемераб хIалтIи гIумруялда жанир гьел битIараб нухде рачиялда тIад. Малъула ВатIан бокьизе, гьелъие ритIухъаллъун рукIине, эбел-инсул хIурмат гьабизе. Куцала намус –яхI бугеллъун, рахIму-гурхIел цIикIкIараллъун, ритIухълъи цIунулеллъун рахъине.

Баркала нужер ракIбацIцIадаб хIалтIиялъухъ. Хьулги буго нужеца кIвараб хIаракат бахъилин жакъасеб къоялъул тIалабазда рекъон хIалтIи гIуцIиялъе.

Гьарула нужер щивасе щулияб сахлъи, хъизамазулъ талихI-рохел, хIалтIулъ чIахIи-чIахIиял бергьенлъаби, нужее мутIигIал, пагьму-гьунар бугел цIалдохъаби. БукIаги нужеда тIад кидаго роцIараб ракълилаб зоб.

ЦIунаги нилъ Аллагьас рагъул-кьалул балагьаздаса.

**Лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев**
**Карим БУДУНОВ**

■ ЦIИЯЛ ХАРБАЛ

# ВатIан цIуниялъул ахIиялда гъоркь

**«Эбел –ВатIаналъул ахIи щун буго» абураб акциялъул бутIалъун кколел дандчIваял тIоритIулел руго росабалъ.**



Районалъул руччабазул Советалъул председатель Умакусум ГIалибеговалъул нухмалъиялда гъоркь райцентралъул вакилзаби щвана Гъ.Бакълъухъе, ГIураде ва КъахIире.

Гьел росабалъ ругел руччабазул хIаракатчагIи данде ракIариялъул гIилла буго улкаялда унеб бугеб мобилизациялъе кверчIвай ва разилъи бихьизаби.

Райполиклиникаялъул тохтир Муъминат Дибироваль бицана патриотикияб тарбия-лъай кьеялъул. ВатIан бокьи гIун рачIунел гIелазулъ куцалел чагIи улбул рукIиналде кIварги буссинабуна гьелъ.

Райгазеталъул редактор ПатIимат МухIамадоваль бицана информациониияб рахъалъ цIуна-къай гьабиялъул, жамгIиял гьиназдасан тIиритIулел ругел заралиял ва гьерсилал харбазда нахърилълъине бегьунгутIиялъул.

ГIурада тIобитIараб данделъиялда гIахьаллъана рагъулал ишазул гIахьалчиясул эбел ПатIимат ГIумарова. Гьелъ бицана жиндирго вас рагъулаб операциялде иналъул, жиндирго рахIатхвеялъул, гьес бахIарчилъиялда тIаде ккараб къо борхулеб бугеб куцалъул.

Дагъистаналъул руччабазул Союзалъул рахъалдасан республикаялъул тIолго руччабазде гьабураб хитIаб цIалана У.ГIалибеговалъ. Багьадурлъиялъул цIар араб Дагъистаналъул руччабаз квербакъи гьабеян мобилизациялъул рахъ ккеялъулъин ахIи балеб буго гьеб хитIабалда.

ЦIакъ квегIенаб ва пайдаяб ахIвал-хIалалда унел руго руччабазул данделъаби. Киналго гIахьалчагIаз загьир гьабулеб букIана президентасул буюрухъ тIубазабиялъул ва гIагараб ракь цIуниялъул рахъ ккеялъул пикраби. Гьединал дандчIваял тIоритIизе руго цогидал чIахIиял росабалъги.

**НИЖЕР МУХБИР**

■ ДАНДЕЛЪИ

# Бегавулзабигун дандчIвай

**29 сентябралда райадминистрациялда тIобитIана росдал бегавулзабазул иргадулаб данделъи. Районалъул бетIер М.ХIасановас нухда бачунеб данделъиялда гIахьаллъана ДРялъул коррупциягун къеркьолеб Управлениялъул отделалъул нухмалъулев Гь. АхIмадов, районалъул бетIерасул заместитель К.МухIамадов, райсобраниялъул председатель М.Хизроев, районалъул прокурор И.ИсмагIилов, рагъулав комиссарасул заместитель М.Абакаров, районалъул имамасул кумекчи М.Думалаев ва райадминистрациялъул жавабиял хIалтIухъаби. Гьединго, данделъиялде ахIун рукIана ветераназул Советалъул председатель М. АсхIабов, жамгIияб Советалъул председатель ГI.ХIажиев, харабазул Советалъул вакил Гь.ХIажиясулов.**



Данделъиялъул аслияб суаллъун букIана 21 сентябралъ къватIиб бачIараб РФялъул Президент В.В.Путинил буюрухъалда рекъон мобилизациялъул хIалтIи тIубазаби. ТIадкъай тIубазе гьабулеб бугеб хIалтIул бицунаго районалъул бетIер М.ХIасановас бичIчIизабуна рагъулаб хIадурлъиялде ахIарал гIолилазул хъизаназе кумекги кверчIвайги букIине кколеблъи.

Рагъулав комиссарасул заместитель М.Абакаровас бицана военкоматалъ тIобитIулеб бугеб хIалтIул И.ИсмагIиловас: «Военкоматалъ гурони къимат ва жаваб кьоларо гIолилал рагъулаб хъулухъалъе ритIизе бегьулищ, ялъуни бегьуларищали. Кодобе повестка щвараздa тIадаб буго военкоматалде рачIине. РачIинчIезе тамихIги буго къанунazда бихьизабун».

- Кидаго хIадурал рукIанин нилъер бихьинал ккараб къо борхизе,-ян кIалъай гьабуна Хучада росдал бегавул ХIамзат МухIамадовас.- Дунгоги къачIарав вуго къватIив вахъине.



ва мухIканлъи кьуна мобилизациялде гъорлъе кколел категориязул. 43 соналъул ригьалде рахаразде щвезегIан киназухъего повесткаби ритIеян буюрухъ бачIун бугин бичIчIизабуна гьес. Араб хамиз къоялде районалъул 6 росулъа гурони ахIиялда рекъон арал чи гьечIин баян кьуна гьес.

Гьесул кIалъаялде тIадежубай гьабуна районалъул прокурор

Гьединго, рагъулаб мобилизациялде рахъине ахIулел кIалъаял гьаруна жамгIиял гIуцIабазул вакилзабазги. Гьединабго кумекалъе хIадурлъи бугин загьир гьабулеб кIалъай гьабуна районалъул имамасул кумекчи М.Думалаевасги.

Хадубккун, бегавулзабигун дандбана налогал ракIариялъул суал. Финотделалъул нухмалъулев М.Вагьабиловас рехсана транспорталъул, магIишаталъул ва ракьул магъалаби тIуразаричIел, цIикIкIун налъаби жидеда хадур ругел росаби.

Лъадал экспертиза гьабиялъул суалалдасан кIалъай гьабуна районалъул бетIерасул заместитель К МухIамадовас. Хасаб къоги чIезабун, экспертиза гьабулеб идарагун договорал хъвазе хIукмуялде рачIана.

Росабазул генпланал гьариялъул бицана ракьазул хал гьабиялъул специалист М. ГIумарасхIабовас. Гьединго, гьес бичIчIизабуна росабалъ клубазул ва библиотекабазул минаби ругел бакIазул документал хIадуризе кколеблъи бегавулзабаз

Донецк ва Луганск республикабазул гIадамазе кумекалъе къайи битIулеб мехалъ жигарчилъи бихьизабурал ТIидиб, КъахIиб, ТIогьохъ ва ТIелекь росабазул бегавулзабазе «Единая Россия» партиялъул рахъалдаса баркалаялъул кагътал кьуна районалъул бетIер МухIамад ХIасановас, жиндирго рахъалдасаги баркала загьир гьабулаго.

Гьединго, гьеб данделъиялда гIахьаллъизе тахшагьаралдаса бачIун букIана предпринимательство цебетIезабиялъул Агенствоялъул вакилзабазул кIудияб къокъа. Гьез баян кьуна предпринимателазе ругел кумеказул, хIукуматалъ рихьизарурал гIарцулаб кверчIваялъул ва цогидал хIажатал ишазул. Гьелъул гIатIидаб информация лъун буго администрациялъул официалияб сайталда.

**П .МУХIАМАДОВА**

■ ИНФОРМАЦИЯ ДЛЯ ГРАЖДАН

## Оплата службы, выплаты и льготы мобилизованным

• Денежное содержание военнослужащего участвующего в СВО, составляет не менее 195000 рублей в месяц. Итоговая сумма зависит от воинского звания, занимаемой воинской должности и дополнительных стимулирующих надбавок.

• Мобилизованные граждане получают статус, выплаты и все соцгарантии как военнослужащие, проходящие военную службу по контракту. Это бесплатный проезд к месту службы, подъемное пособие в размере 25% оклада военнослужащего на каждого члена семьи, жилищное и медицинское обеспечение. Также предусмотрена социальная- защита членов семей военнослужащих, потерявших кормильца.

• Участника СВО получают статус «Ветерана боевых действий», который предусматривает дополнительные льготы:

**Коммунальные:**

-компенсация платы за наем и содержание жилого помещения в размере 50%. Это касается услуг по управлению жилым домом, содержания и ремонта общего имущества в многоквартирном доме, а также взноса на капремонт.

**Налоговые :**

- освобождение от уплаты налога на имущество: квартиру, дом, гараж.. льготу предоставляют на один объект каждого вида, например одну квартиру, один дом и один гараж одновременно.

- освобождение от уплаты земельного налога с шести соток. Его начисляют только с превышения этой площади.

- льгота на транспортный налог зависит от региона.

**Медицинские:**

- после выхода на пенсию ветераны могут обслуживаться в тех же поликлиниках и больницах, к которым были прикреплены в период службы.

- Оказание медицинской помощи в рамках программы госгарантий вне очереди.

**Трудовые льготы:**

- возможность брать ежегодный отпуск в удобное для них время. Право на отпуск без сохранения заработной платы сроком до 35 дней.

-Дополнительный оплачиваемый отпуск 15 календарных дней в дополнение к основному.

-возможность получить дополнительное профессиональное образование.

**Трудовые льготы:**

-Ежемесячные выплаты и доплаты к пенсии.

-ежемесячная денежная выплата, более 3000руб, по состоянию на сентябрь 2022года

- пенсия за выслугу лет, по инвалидности или потере кормильца увеличивается на 32% от размера социальной пенсии

• Иностранным гражданам и россиянам предоставляются одинаковые социальные гарантии военнослужащих.

• Иностранные граждане, заключившие контракт о происхождении военной службы, после его окончания получат право войти в гражданство Российской Федерации по упрощенной процедуре, без необходимости получать вид на жительство.

■ ИСЛАМАЛЪУЛ НУХДА

# РухIияб централда районалъул мажлис

**3 октябралъ МахIачхъалаялда аскIоб, ГIиса аварагасул (гI.с.) цIаралда бугеб РухIияб централда, тIобитIана Шамил районалъул кIудияб мажлис. Гьеб буссараб букIана тIаде щвараб РабигIуль-Авваль моцI кIодо гьабиялде. Азаазар районцоял щвана баракатаб тадбиралде.**



Мавлидалда гIахьаллъи гьабуна районалъул имам МухIаммад ГIариповас, росабазул имамзабаз, республикаялъул машгъурал гIалимзабаз, жамгIиял хIалтIухъабаз, цIар ргIарал спортсменаз, нашидалгун мавлидал ахIулез ва цогидаз.

Тадбиралъул гIуцIарухъабаз хIадурун батараб берцинаб программаялда рекъон, рекIее кIудияб асар гьабун тIобитIана мажлис. ЦIикIкIараб гIелалъеги, гIолилазеги, лъималазеги- щивасе бокьуледухъ хIадурлъаби ратана программаялда гъорлъе рачун. Мавлидалда тIоритIарал исламиял викторинабазда ва розыгрышазда бергьаразе рукIана сайигъаталги. Лъималазе рекIелгъеялъе хIадурун букIана хIаялъулаб площадка.

КIалъазе цеерахъарал нилъер рухIиял церехъабаз, жамгIиял хIалтIухъабаз баркала загьир гьабуна гIахьаллъаралщиназе, гьаруна кутакалда жакъа къоялъе кIвар бугел вагIзаби.

Иргаялда гьединал тадбирал тIоритIулел руго РухIияб централда щибаб районазул, шагьаразул жамагIатаз. Мажлисал гьариялдалъун загьир гьабулеб буго халкъалъ Аварагасдехун(с.гI.в.с.) бугеб рокьи, гьесул умматалдаса ратиялъе Аллагьасе гьабулеб буго шукру. Хадубккунги гьелъие гIиллалъун буго гьадинаб рекIее парахалъи гьечIеб, халкъ рихха-хочизе, хIинкъизе, гьереси-хъублъиялъул цIезарун киналго соцсеталги ругеб заманалъ, район ва тIолго Дагъистан цолъиялъе гьадинал мажлисал цIакъ кIвар бугеллъун рукIиналъ. Нилъер цолъиги, нилъер къуватги цоги нухалъ бихьизабуна районцояз.



П. ЖАМАЛУДИНОВА

■ ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ БУТIАЯЛДА

# Спорталъулъги гьунарчагIи руго мугIалимзаби

**2 октябралда ХIебда росулъ, М.ГьитIиновасул цIаралда бугеб хIухьбахъиялъул паркалда тIобитIана районалъул мугIалимзабазул спартакиада, тIаде щолеб профессионалияб байрам -мугIалимзабазул къоялъул хIурматалда.**







Районалъул лъайкьеялъул хIалтIухъабазул профсоюзалъул райкомалъул ва РУОялъул хIаракатчилъиялда тIобитIараб спартакиадаялда гIахьаллъана 7 лъайкьеялъул идарабаздаса 60 - гIанасев мугIалим. Спартакиада рагьана районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев Карим Будуновасул кIалъаялдалъун. Гьадинал тадбирал цIикIкIун тIоритIизе ккеялде кIвар буссинабуна гьес.

Спорталъул батIи-батIиял тайпабаздасан гIуцIарал гьел къецазда мугIалимзабаз бихьизабуна бергьенлъиялде бугеб гьира-шавкъ ва цоцалъ гьунки. Волейболалъе, гIебеде кIанцIиялъе, шашкаби ва шахматал хIаялъе, гIужихъ речIчIиялъе, граната рехиялъе, гиря борхиялъе, 100 ва 1000 метраялъ рекериялъе гьунар ва бажари загьир гьабуна мугIалимзабаз. ХIалуцарал къецал ахиралде щвезегIан лъалеб букIинчIо кинаб командаялъ бергьенлъи босилебали. Спартакиадаялъул хIасилал данде росидал, бергьенлъи щвана ХIебда гьоркьохъеб школалъул командаялъе, кIиабилеб бакI босана Гьолокь гьоркьохъеб школалъул командаялъ, лъабабилеб бакIалде бачIана ТIидиб гьоркьохъеб школа.

Бергьенлъи ва призалъулал бакIал росарал командабазе ва мугIалимзабазе кьуна грамотаби ва кубокал.

Давуд ДАВУДОВ

■ МИСАЛИЯЛ РАЙОНЦОЯЛ

# ТIогьохъа Нажмудин МухIамаднабиев

**ТIубараб къоялъго аскIор рукIаниги чIалгIунареб ва берцинаб хабар-каламалъул чи вуго ТIогьохъ росулъа Нажмудин МухIамаднабиев.**



Дида гьев лъала 1972 соналдаса нахъе. Гьелдаса нахъе ана гIезегIанго сонал. Гьудул-гьалмагъ хIисабалда гьев хирияв вуго гIемерисезе. Гьелъие дида лъалеб гIилла буго гьесул гIадан хирияб ракI букIин. Жив кинаб гIумруялъул захIмалъабазде данде кканиги, гьаб ракьалда тIад бищунго талихI бугев чи жив вугилан толаан гьес. ГIадамасде бугеб гурхIелцIоб, гIадатияв чиясул гьабулеб тIалаб-агъаз, чи ватIа гьавичIого гьесие гьабулеб кумек- гьединаб букIана гьесул гIумруялъул магIнаго. ГIамал-хасиятalъ берцин гьабураб букIана гьесул тIолабго гIумруго.

Н.МухIамаднабиев гьавуна 1944 соналъ. Гьоркьохъеб лъай босун хадув, цIализе лъугьана Дагъистаналъул Пачалихъияб университеталъул математикаялъул факультеталде. КIиабилеб курсалда цIалулев чи витIана Советияб Армиялде. Хъулухъ гьабуна Прибалтикаялда. Гьенив вищана дивизиялъул комсомол организациялъул секретарьлъун.

ТIадаб ргъулаб хъулухъ тIубан хадуб лъугIизабуна университет. Дагьаб заманаялъ учительлъунги хIалтIун, Нажмудин вищана ВЛКСМалъул Советский райкомалъул тIоцевесев секретарьлъун. Дол соназда районалъул гIолохъаби рукIана гьунар бугел, бегIерал, квешаб-лъикIаб батIа бахъизе лъалел, рокьизеги лъалел, гурхIизеги лъалел, адаб-хIурматги гьабизе лъалел, рухIияб язихълъи лъугIизабизе кIолел. Гьедин бугониги Нажмудиница хIаракат бахъулаан гIун бачIунеб гIелалъе тарбия кьезе, гьел умумузул мустахIикъал ирсилаллъун куцазе. Колхозазда, совхозазда, школазда кIудияб кIвар кьолаан захIматалъулаб тарбия кьеялде, гьединго, рагъулабгун патриотикияб тарбия букIана кIвар цIикIкIараблъун. Гьеб хIалтIуда вукIаго, комсомолазул кьеразулъе восана кIиазарго гIолилав. Районалда гIуцIун рукIана цIалдохъабазул производствоялъулал бригадаби. Гьез жигараб гIахьаллъи гьабулаан районалъул росдал магIишат цебетIезабиялъулъ.

Районалда тIоритIулел тадбирал малъичIого, гьесул хIаракаталдалъун тIоритIулаан ГIахьвахъ, Хунзахъ, Болъихъ, ЦIунтIа ва ЛъаратIа районазул гIолилазулгун дандчIваял. Гьенир тIоритIулаан батIи-батIиял тадбирал, хасго спортивиял къецазде кьолаан кIудияб кIвар.

Нилъер гIумруялъул кверщел БетIергьанасухъ бугелъул, гьелдалъун хисула нилъер къисматги, ТIадегIанас кьола нилъее гIумрудул нухги. Гьедин 1974 соналъ гьесул хIалтIиги, гьесул кинабго жигарчилъиги бихьун, гьев вачуна КГБялде хIалтIизе.Ункъго соналъ хIалтIана оперуполномоченныйлъун.

1978 соналдаса 1998 соналде щвезегIан хIалтIана Хунзахъ ва ЛъаратIа районазул КГБялъул начальниклъун. Гьесул хIаракаталдалъун бараб буго ЛъаратIа райцентралда КГБялъе цIияб минаги.

1998-2000 саназ хIалтIана МахIачхъалаялда Дагъистаналъул КГБялъул подразделениялъул начальниклъун.

Нажмудин КГБялда хIалтIулел ахирал сонал рукIана улкаялда бихха-хочи бугеб, гIадлу-низам хвараб, чIвай-хъвей гьарзаял сонал. КигIан гIемераб квешлъиха гьел соназ букIараб. Гьел квешлъабигун кьеркьолаго тIамунин абизе бегьула гьес хIалтIул гIемерал сонал. Пачалихъалъул хIинкъи гьечIолъи цIунизе кани, хIажалъула цIикIкIараб гIакълу, къуват, цIодораб бербалагьи. Гьединал чагIи хIалтIулеб орган букIана гьеб КГБ.

Нажмудин вуго рикIкIен гIемерал шапакъатазул бетIергьан. ХIурматалъулал грамотаби, медалал, орденал гIемерал руго гьесул. Гьезул сияхI халатаб буго.

ГьабсагIаталда мустахIикъаб хIухьбахъиялда вуго подполковник Нажмудин МухIамаднабиев. ГIаданлъиги чилъиги цIунараб ракI букIиналъ, гьесул насихIатазухъ гIенеккизе бокьула гIолохъабазе. Гьел насихIатал рукIуна гьесул жакъасеб къоялда рекъонкарал. Нажмудинил васал хIалтIулел руго жанисел ишазул органазда, яс- авар мацIалъул учительницалъун, лъималги руго эменго гIадал инсанасе кIвараб кумек жидеца гьабулел.

Гьединаб ритIухъаб нух нахъа тана ТIогьохъа Нажмудиница.

М-р ГIУМАРАСХIАБОВ, ветераназул райсоветалъул председатель, журналист.

■ ИСЛАМАЛЪУЛ НУХДА

# ГIасаса Алжанатил иргадулаб бергьенлъи

**«Шейх Сайфулла-кади Башларов. Жизнь и творчество» абураб тIохьодаса ДРялъул Муфтияталъ гIуцIараб конкурсалъул финалияб бутIа тIобитIана арал къояз МахIачхъалаялъул кIудияб мажгиталда.**



Цо чанго этапазде рикьарал къецазда финалалде рорчIун рукIана щибаб муниципалитеталдаса бищун лъикIал хIасилал рихьизарурал лъаб-лъаб гIахьалчи.

Кинавниги къецазда гIахьаллъана 2000 гIанасев чи, гьездаса финалалде рорчIана 150 чи.

Призалъулаб 10 бакI бихьизабун букIана. Цого хIасилал ккун бергьенлъи кьуна лъабгоязе. Гьездаса цояйлъун ккола нилъер районцояй ГIасаса Алжанат ГIабдулаева. ГIаммгьабун призалъулаб фондалъе букIана 1 млн. гъурущ.

Араб соналъ Дагъистаналъул Муфтий АхIмад-хIажи Афандияс хъвараб «ЛъикIал тIабигIатазул ах» абураб тIехьалда тIаса тIобитIун букIараб ТIолгороссиялъул конкурсалдаги Алжанат ГIабдулаева мустахIикълъун йикIана 3-леб бакIалъе.




Гьединго, 2016 соналъ нилъер районцоязда гьоркьоб тIобитIун букIараб гьебго тIохьодаса конкурсалда Алжанатие букIана тIоцебесеб бакI.

Бергьенлъабазухъ щолел сайигъаталги кIудиял ругониги, шайихзабазул гIумрудул нух ва бусурманчиясе битIараб нух мухIканго жинда жаниб бихьизабулеб тIехь камилго лъазабиялъул инсанасе букIунеб баракаталде щибго бахинаро. Баркула Алжанатида иргадулаб бергьенлъи.

**П.ЖАМАЛУДИНОВА**

■ ТФОМС ИНФОРМИРУЕТ

## Цифровая трансформация здравоохранения повысит эффективность системы медицинского страхования»

Отечественное здравоохранение невозможно представить без обязательного медицинского страхования. Подавляющее большинство лечебных учреждений страны финансируется по ОМС. От того, насколько устойчивой и стабильной будет система, зависит, какую медицинскую помощь клиники смогут оказывать населению бесплатно.

Большие перспективы развития имеются и в вопросах проведения контроля объемов, сроков, качества и условии предоставления медицинской помощи по ОМС застрахованным лицам. Сейчас автоматизирован в основном лишь процесс проведения медико-экономического контроля. Медико-экономическая экспертиза и экспертиза качества медицинской помощи основываются преимущественно на изучении бумажных документов, что не позволяет обеспечить значительный охват случаев оказания медицинской помощи. Однако реализация приказа Министерства здравоохранения РФ № 947н от 07.09.2020 «Об утверждении Порядка организации системы документооборота в сфере охраны здоровья в части ведения медицинской документации в форме электронных документов» способна в корне поменять ситуацию, обеспечив возможность обработки первичных документов в электронной форме.

Наряду с развитием соответствующего сегмента Единого портала государственных услуг и функций это будет также способствовать улучшению информирования застрахованных лиц и защите их интересов.

Значимым инструментом в организации оказания медицинской помощи с применением информационных технологий (с точки зрения сроков, выбора медицинской организации и врача, удобства получения информации и т.д.) могут и должны стать мобильные приложения, интегрирующие сервисы медицинских организаций, страховых медицинских организаций, территориальных фондов ОМС, сервисов других ведомств. Такие приложения могут объединять различные сервисы в суперсервисы, координировать действия пользователей в соответствии с возникающими потребностями и сложившимися жизненными ситуациями, бережно учитывать особенности, возможности и права застрахованных лиц.

При этом важно постоянно пересматривать и оценивать потенциальные возможности развития информационных технологий для системы ОМС, их способность влиять не только на функции управления и учета, но и на процесс получения медицинской помощи и ее качество.

Органы управления здравоохранением и медицинские работники хорошо проявили себя в этот трудный период. По мере распространения заболевания в рекордные сроки были перепрофилированы для работы с пациентами, страдающими коронавирусной инфекцией, сотни лечебных организаций. Медицинские работники с готовностью шли работать в «красные зоны» с крайне тяжелыми пациентами, квалифицированно и с полной самоотдачей трудились в период измененных условий.

Лечебные учреждения осуществляют свою деятельность в сфере ОМС на основании договора на оказание и оплату медицинской помощи по ОМС.

Обязательные для включения в договор условия указаны в статье 39 Федерального закона № 326-ФЗ от 29.11.2010 «Об обязательном медицинском страховании в Российской Федерации». К ним относятся объемы предоставления медицинской помощи медицинской организацией, обязанность страховой медицинской организации осуществлять контроль объемов, сроков, качества и условий оказания медицинской помощи и производить оплату с учетом результатов контроля в пределах объемов медицинской помощи по территориальной программе ОМС, установленных решением Комиссии по разработке территориальной программы ОМС.

В Территориальном фонде обязательного медицинского страхования Республики Дагестан организована на базе единого «Контакт-Центра» системы ОМС функционирует круглосуточная «Горячая линия» по вопросам организации и оказания медицинской помощи, специалисты которых являются страховыми представителями, которые консультируют население по всем вопросам организации и получения медицинской помощи по программам ОМС, о порядке выбора медицинской организации и прикрепления к медицинской организации, информируют о возможности и порядке выбора врача и графике их работы, о возможности и порядке прохождения профилактических мероприятий.

Телефон горячей линии 8-800-2222-905 звонок бесплатный.

**МАГОМЕДОВ И.С., главный специалист по ЗПЗ (эксперт) Шамильского филиала ТФОМС РД**

■ СПОРТ

# МухIамадрасул – Россиялъул чемпион

**Чанго нухалъ Шамил районалъул Ругъелдаса ГIумаров МухIамадрасулица нилъ рохизаруна тхэквондоялъул рахъалъ батIи-батIиял къецазда бергьенлъи босиялъ. Гьев ккола чанцIулго Дагъистаналъул, зоналиял къецазул чемпион, Россиялъул къецазда призер.**

Гьале, 24-30 сентябралда Нальчикалда тIоритIарал Россиялъул тхэквондоязул бихьиназул ва ясалазул къецазда, 74 кг цIайиялда МухIамадрасулица ккуна 1-себ бакI ва вахъана Россиялъул чемпионлъун.

Баркула МухIамадрасулида иргадулаб бергьенлъи.

**С. ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВ**



■ ОБЪЯВЛЕНИЕ

## О проведении аукциона на право заключения договора аренды земельного участка

Администрация МО «Сельсовет Тидибский» Шамильского района РД сообщает о проведении конкурса 07 ноября 2022 года по продаже права на заключение договора аренды земельного участка с кадастровым номером 05: 33: 000059:685 категорией земель сельскохозяйственного назначения, с разрешенным использованием для сельскохозяйственного использования, расположенное по адресу: РД, Шамильский район, сел.Накитль в местности «НекIкIиб».

Форма подачи предложений о размере арендной платы: закрытая.

Площадь земельного участка 143332 кв.м.+/- 3313 кв.м. Заявления об участии в конкурсе принимаются до 02 ноября 2022 года по адресу: РД, Шамильский район, сел.Тидиб, ул.И.М. Ибрагимова-6 Администрация МО «Сельсовет Тидибский»

**Глава МО «Сельсовет Тидибский» Г.А.Гусенов**

ЦОЛЪИ

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОР
П.Ш. МухIамадова
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
П.Гь. Жамалудинова

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ
Д.Давудов
ТI. МухIамадов

РЕДКОЛЛЕГИЯ:
П. ГьитIинова,
М. Гъазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГъазимухIамадов.

НАБОР
М. ГьитIиномухIамадовалъул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГIисаевалъул

Газета гIуцIарал: Муниципалияб гIуцIи «Шамильский районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана “ЦIияб канлъи” ва “БагIараб цIва” абурал цIаразда гьоркь.

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул “ГУП РГЖТ” типографиялда; Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций (Управление Роскомнадзора по РД) Регистр. номер ПИ №ТУ05-00440

Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде- кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественносталъ къимат кьезелъун.
Нижер электронияб почтаялъул адрес:
gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул адрес:
РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу
Имам Шамилил къватI 50